

## Marsiyya Sëriñ Masamba Mbakke

[Page 1]

Bismi l-Lāhi al-Raḥmāni al-Raḥīmi wa ʃ alla -l-lāhu ‘alā sayyidinā Muḥammadin wa sallama  
taslīman. Qāla al-Murīdu Shaykh Mūsā bun ‘Usmān tāba ‘ālayhimā  
raḥmān. Hāzihi l-marḥiyati li Shaykh Masàmba al-Mbakkiyyu.

Bismi l-Lāhi werekaanu Bàmba

Njàmme moo ngi dee ti jów pakéem ca bël ba

Ku lab ci géej móol ya di xeñ sa mbóor ma

Ku dee ci jéeri gaa ya sàggi njóor ma

Bàmba di géej Muriid ya ñoo di jën ya

Lu dee ci géej loolu du muurum tan ya

Muriid du gis Munakir ak Nakiraa

Jii wax moo biire xam ko dooy na ngooraa

Njàmme di móol biy xuus ci géee ji Bàmba

Di wane yoon wa gaa ya jàlle pom ba

Ndax ku manul ndox te taxaw fa tèn ba

Lee pake ñów jàllale la fab sa yen ba

Xam leen ni gaa ya seeni ruu du faatu

Seeni yaram du ràpp ñoo ka yaatu

Soo ko gëmul jàngal walā taqūlu

Ba dem ci ahyāhun nde kon nga wóolu

Te gaa yu baax ya xamle leen te way leen

Dana waral seeni saaba roy leen

Bu dul ko nak ñiy bind ngir yi raaf na

Bu dul ko nak ñiy tari xam-xam daay na

Bu dul ko nak ñiy yeete gaa yi yandoor

Dootu ñu yewu ba abadan ba xëy buur

Huqqal bukā‘u tekk ‘alā al-sādāti

La Bàmba wax ca way wa bul saagaati

Xerawlu leen te ñów nu xawtoo ngaaka

Bàjjo ba daanu na ca digg géej ga

Wallaay keroog ba mu ne jirim fa Kawlakh

Géej gaa nga and ak dex ga léppiy falax

Ma marsiyaati Shaykhinaa Masàmba

Tab ba fi daa roy-roylu Shaykhi Bàmba

Yā Malākal Mawti l-ladhī tumītu

Bi idhni man yuḥyī wa lā yamūtu

[Page 2]

Yaw ba nga yóbboo Xaadimu Rasuuli

Tee woon nga deeg fi caat ñu bañ koo suuli

Waaye la yóbbu Xaadimu Rasuuli

Du bàyyi kenn, Ayna Abū l-Baṭūli ?

Wa kulu nafsin makkatā ki Mbàkke

dhā‘ iqatu l-mawti bi ghayri shakki

Bàkkan du yees ab dig du wees ab dig

Waliyyu ya ak buur ya ak ña dee fi wax dag

Ku àgg ci gaar daal di sànni paasam

Ñu daal di koy teeru mu fat bagaasam

Bu dee jullit ñu teeru jox jinaanaa

Bu dee leneen ñu tëru jox niraana

Cëy yow Malaakam dee mi nang nu fàtte

Ndax nu liggéeyal Bàmba dee day bette

Yaa néega roccig ruuh ci Shaykh Masàmba

Yow Malaakal Mawti mu wuyji Bàmba

Bàmbaa ko wóo fi laylati l-khamāsi

Weeru Rajab la wuyji li l-rumūsi

Malaaka ak jinneek rijlālu l-Ghaybi

Ñépp di teeru ruuh ga dūna ‘aybi

War na pakéem teral ko fi janaani

Guddig juróom ñenent lay fanaani

‘Aama Unaysashin ca laa koo taarix

La Bàcc Mbàkke caat rañaane Kawlax

Néeg bañ ko tàbbaloon atum nàttoom baa

La ruuh ga wuyje Yàlla may Boroom baa

Wa man yuhājir fi sabīli l-Lāhi

Mbóot maa ko yóbbu foofa dūna Lāhi

Ca mooma at la ko waxoon ràkkam ja

Shaykh Ibraahiima Loo donnoom ja

Nàttoon na néeg ba jox nàttoom ba Cerno

Ca mooma at booba la geddoon xarnu

Nan jooy Sëriñ Masàmba Anta Céebo

Mi gedd àddina ji waxtuw céebo

Demoon na bay ruuj tool ya bay faraasu

Ñuy xolli ay jiwoom mu far miraasu

Jëwriñ ya ak toolam ya doon Àllarba

Gedd na yépp far na fekki Bàmba

Xam naa keroog ba mu nuyook Shaykh Bàmba

Riḍwaan tijjil na ko mu jis yonnen ba

Xam naa keroog ba mu rañaane Kawlax

Muriid ya yépp séeni ruuh xaw naa lax

Xam naa keroog shaykh ya newoon barsax

Séen ruuh ya yépp dajaloo ne soq

Xam naa keroog jiggéeni Hūru l-‘Ayni

Bég nañu mbég boo xam ne dūna mayni

[Page 3]

Keroog rijaal ya woon fa xabruy Tuubaa

Am nañu gan gu tedd céy bis booba

Keroog la Bàcc jott ci Maddu l-Ajri

Ja mu bindoon genne ci kàddul hijri

Bàmba gërëm na ko bi qhayri sukht̩i

Akbara riḍwānin mu taḡgook parti

Wéetal na Lislami Sëriñ Tuubaa jii

Kennu lu rëy buur na ci mbaarum waa ji

Rongooni Lislām yol na tay fa Tuubaa

Jumaa ji yikkēt na ci baatin booba

Huqq al-Bukā`u loola moo ma jooyloo

May jooy `alā sādāti ñoom laa doyloo

Wóy joyle leen ma caat ma semmal taaw ya

Sëriñ Masàmba Mbàkke mool ba ak maaw ya

Jooy naa ca `āma Wamsashin Shaykh Bàmba

Qhawsu ba doon liggéeykatub yonnen ba

Jooy naa ca `āma tamsashin Shaykh Ibra

Làmp ba léeraloon adunya ak uxraa

Jooy naa fi saa najaay ca ‘āma Ansashi

Shaykh Móodu Ndumbe booba tab du delsi

Tuur naa samay rongooñ ci ‘āma Ş asashi

Ngir Siidi Anta Mbàkke maa ngi bis-bi-shi

Ma jooy fi ren jii ci ‘atum Unaysashi

Sëriñ Masàmba Mbàkke dunyaa la fase

Àdduna mbas jéexal nga sangi Mbàkke

Bawoo fi taaw bawoo fi caat yaa bégge

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Nu di ko roy te di ko xoole Bàmba

Ku déeti roy-roylu Sëriñ bu màgg ba

Di tomb tombam ya ganaaw Masàmba

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Mu di nu waar te di nu fóotal dhanbaa

Ku déeti wax Muriid yi dàggi xel yi

Waxtaanu Bàmba wa mu daa sol xol yi

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Moo daa defar sharqan na‘am wa gharba

Ku déeti war saxaar di and ak mbooloo

Di dem ba Mbuur aki Mbawoor moo wóolu

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Seefam ba sax jooy na ko ak kanton ba

[Page 4]

Ku déeti may sosiyete ba ak seefam ba

Ab xalis ak ay fas di may marseem ba

Yalonte Yàlla ba fi Shaykh Masàmba

Mbàkkeek Mbusoobe ñàkk nañ tiitar ba

Ba ñuy rawante Bàcca teggi tuur ba

Te moo di antalpërnoor meetar ba

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Moo daa defar Saalum ba àgg Tàmba

Ku déeti war saxaar bawoo fa Njurbel

Di waar Muriid yi war ba àgg Kuŋgel

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Waa Sañooor daa nañ ko yët ay damba

Kuy déeti fab xalis di sànni ñay laaj

Di boole ay kaamil di rangooy gällaaj

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Jumaay Njurbel jooy na mook bàyyéem ba

Moo ku fi déeti bóole yatti kaala

Di roy Sëriñ Tuubaa du xiili-xaala

Yalonte Yàlla ba fi Shaykh Masàmba

Jumaay Tuubaa jooy na mook barab ba

Ku déeti jàngluy qasaayid Tuubaa

Guddeek bëccëk di wër barab ba booba

Yalonte te yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Shaykh Mustafaa jooy na ko ngir baayam ba

Tééméeri kaamil ak nitt ak juróom ya

Bàcca ko daa taxawu sol yéréem ya

Moo jaa ku koy jüteeeti fi l-Muḥarrami

Ci ñatti fan te jóg di rombiy dërëmi

Yalonte te Yàlla ba fi Shaykh Masàmba

Wéetal na waa Gàllo ga ak kaamil ba

Kuy déeti lim coggal di may kaamil ba

Bisub Tabaski te du yëg yenam ba

Yalonte te yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Wéetal na waa Tuubaa ajab taaram ba

Kuy dée may dahif yu sonn ya saakuy fidati

Di sang way dée ya ca 'Aynu Raḥmati

Yalonte te yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Wéetal na Maam Cerno magam di baay ba

Kuy déeti def Maam Cerno mag ak baayam

Di ko ziyaare at mu ñów tey waayam

Yalonte te Yàlla bàyyi fi Shaykh Masàmba

Muriidi Ndar daa nañ ko wubbil pom ba

Kuy déeti màggal Ndar di woolu Ngaari

Ak Taahirak Ahmadu Séy fii daari

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Ndakaaru lañ ko portale Àllarba

Keroog la Bàcc Mbàkke romb marse

Di niru weer tubaab ya naa ko mersi.

Muriid yi naan ko Mbàkke Bàlla Aysa

Tiijaan ya naa labbayka njool ma jaysa

[Page 5]

Qaadiru ak Limaamu naa marhaba

Ahlan wa sahlān Shaykhinā Masàmba

Kuy déeti mel nib jànt fii Ndakaaru

Karce ya wéq yépp Tiijaan waaru

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Tubaab yi daan nañ wax niroo na ak Bàmba

Kuy déeti fab ci baŋk bi ay junni

Di dimbale way laac ya doo leen jànni

Yalonte Yàlla ba fi Shaykh Masàmba

Wéetal na Ibraahiima Loo sàmmam ba

Ku déeti fay loo bor ya Ibraahiima

Mooy xaadamam te def donnoom ca réew ma

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Wéetal na Shaykh Ahmadu mooy taawam ba

Moo ja ku koy xoolati mook ràkkam ya

Bëtub njuréel te di ko jox dërëm ya

Yalonte Yàlla ba fi Shaykh Masàmba

Wéetal na waa-këram ña ak taaram ba

Xaw ma ku ñuy xëccooti Hūrul ‘Ayni

Nàngu na seen góor ga bi dūni mayni

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Bam jüite jàkka ja ñu naal fa Tuubaa

Xaw ma ku déeti jüite fi l-a‘yādi

Di toppotoo màggal yi fi l-bilādi

Yalonte Yàlla ba fi Shaykh Masàmba



Luga ak Pataar ak Njaañ di bay toolam ba

Xaw ma ku déeti bay fa Maam Moor Anta

Dëkkoon ziyaare Njaañ fa Mbàkke Anta

Yalonte yaw nga ba fi Shaykh Masàmba

Moo rawi seef rawi Jaraaf ak Farba

Wéetal na Mukhtaar moo di noddkat ba

Ak Mustafaa sibóor ba doon sofóor ba

Xaw ma ku déeti mel ni Shaykh Masàmba

Jommal na Naar jommal Wolof yaaram ba

Yàlla na ko Shaykh Bàmba defal sa 'āda

Foofe mu jëm dolli ko 'āda

Ma wax la xarbaaxi Sëriñ Masàmba

Yoo xam ne nekkul ci ku dul Shaykh Bàmba

Weeru baraxlu ci nitt ak juróom ñaar

Di Alximis la juddu moo doyug waar

Bàmba moo ko tudde Shaykh Masàmba Anta

Moo jàngaloon baayam ba Maam Moor Anta

Shaykh Bàmba wax na ne keroog may baayam

Fī bāṭīnin ngir yetti yef ci yaayam

Keroog ndeyam boole na yaari buumam

Jébbal ko Sëriñ Tuubaa mu def boroomam

[Page 6]

Mu dellu jébbalaat ko Shaykh Masàmba

Ngir féddëlee ko njébbalug baayam ba

Keroog ndeyam wax na fa wax joo xam ne

Sañeefu ko biral bi dūni mayni

Ku weddi lii nga dem ko laaj Sëriñ Ndaam

Moo ma ko wax moo santu woon keroog Daam

Keroog la Bàmba masa tiim ci dunyaa

Ba na mu wuyje Yàlla wóor na barab ba

Lëlam ba mooy biddéew ba woon ca laar ba

Taarix ba ‘āma Asashin mooy taar ba

Leerak mbirum juddóom ba am na firnde

Nūru l-Jalāli mooma caatay gaynde

Bàmbaa ko tudd moo ko yor ba mu xàmme

Mu jox ko Shaykh Abdu fa Ndaam bam gimmi

Dāru l- ‘Alīmi moo di kër Sëriñ Ndaam

La bind ay kaamil ñu yët ko Maam Daam

Foofe la jànge xam-xamub Riwāya

Ba Bàmba ñów géej far ko sol Dirāya

Keroog ba Bàmbay ñow fa Daaruu Marnaan

Fekk na kaamilam ba àggsi Rahmaan

Ca mooma at lañ fa yabalsi Mbaaxaan

Ba mu ñówe fekku fa waa juy caaxaan

Keroog la Shaykh Masàmba waar màgam ja

Moor Isa Jóob mu daal di gëm magam ja

Ca mooma at la Bàmba wéy Gànnaru

Yaaram ya sarxole sa gan ya waaru

Foofe la Bàcc dugge yoonu Tarbiyya

Ak yoonu Tarqiyya aki ngiiri Tasfiyya

Bàmba moo ko Tarbiyya diggante Gànnaru

Aki Jolof Shaykh Bàcc moo doo ak waar

Musula sol aw dàll muy Daymaani

Mbaa mukke day roy naari waa Daymaani

Sëqal kawar booleek daraay mayluus

Ak laxasaay la boole woon ba xey luus

Da daa durus kaamil ya tey yër móol ya

Di bind taalif ya wasal kaamil ya

Musula toog mbooléem lu Bàmba taalif

Bind na lépp kooka moo doon 'ārif

Musul di Mbàkke-Mbàkke fii Sarsaara

Aki Jaraariya fa doomi Jaara

Musula def Shaykh Bàmba doomi baayam

Ba muy xalel xam na ni moo di baayam

Musula def Shaykh Anta mbaa Boroom Saam

Ay nawle ngir xam na ni ñooy ràmmu fa Saam

Musul di Mbàkke-Mbàkke fi l-Quddūsi

Ak Dāru l-Raḥmāni la daa ruhoosi.

[Page 7]

Musul di Mbàkke-Mbàkke day liggéey

Di jiite kaamil ba du xëy di déeye

Musula am ab lal bu baax bu yaatu

Ci suuf la daan fanaan ba nim xëy faatu

Musula boole ay dërëm di deppo

Laajal Sëriñ Mälle wa Moor Faal Déppo

Musula am taax ba Shaykh yay taaxu

Ma ngay tabaxle Mustafaa di ñaaxu

Musula ber njëndi ba Shaykh yay sànc

Bàmba nga koy palmaani di suub di fàcc

Dāru l-Karīm la masa am cik Daaru

Maam Cerno Faatee ko ko wax fa Daaru

Musula am wata ba Shaykh yay korno

Mang ca diggante Bàmba ak Maam Cerno

Musula dem Makka ba Siidil Mukhtaar

Di ubbi yoonu Màkka mang ca kariyeer

Musula am kalpe wa naa kopparfóor

Ngir luñ ko jox mu daal di jox Bàmba ki foor

Musula fàggul àddunaak donnoom ya

Lum masa am wesaare jox moroom ya

Musula boole alalam ci baŋki

Lum masa am jox waa Mbusoobeek Mbàkke

Musula jënd pàkk mbaate ay dër

Jàkkam la daa fàkk di tóog ci ay der

Musula am xàjjaki seen duwaabe

Du těj kēram moo yaatu nib jàllaabi

Musula xaste du xuloo du dóore

Yērēm na ndaw teral na mag mooy fóore

Ku weddi laaj ko Shaykh Gumba Ture

Abdul Karim Ture ña dooni fóore

Tabee ko tee seng kēram fa Njurbel

Lu sikk mooy sikkanti moo di bastul

Tabee ko tee tabax kēram fa Tuubaa

Tabax gu dul toj lay tabax su booba

Tabee ko tee dajale bayti l-māli

Nde kon mu am ay miliyoŋ bi l-māli

Tabee ko tee tabax jumaay boppam

Ni Siidi Ibrahiima Ñas xaritam

Bàccay garab gu law lewet te meññ

Tey gaawa ñor tey tàbbi far ni gàññ.

Bàccay garab gu sedd ker te guddul

Te néexi doom ndanjaama gaa ngi yombul

[Page 8]

Ku dem keram ronu ko for ay junni

Ku yéeg ca kaw bàcc ko am ñoo yonni

Masoon na ma defal fa Dāru Raḥmān

Xarbaax yu rëy yoo xam ne doy na keemaan

Booba damaa woppoon ba xaw caa faatu

Mu def samab doktóor ba tee maa faatu

Ci benn kaasub wargala ma saafara

Bi l-Lāhi Bàccay mbër te mutla deg la kaafara

Dénk ma ab dénk sollal mab sabadoor

Bu gori boo xam ne baraaya la bu foor

‘Alayka yā Mūsa bi taqwā l-Lāhu

Wa ‘adami l-ghaflati ‘an ilāhi

Bi qadri ghaflati ‘ani l-Lāhil mu‘in

Tātika dhulmatun mina l-ghibi l-la‘in

Fa ḥaythumā aqbalta li l-Lāhi l-salām

Dhahaba mudbiran wa qāla wa l-salam

Yile bëyit la Shaykh Masàmba dënkoon

Njàmmë Ka joyle leen ko moo ko soppoon

Shaykh Faḍīlu ngay jooy Sëriñ Masàmba

Ku weddi jàngal marsiyab Araab ba

Xam na ne moo fi nekkaloon baayam ba

Ku déeti baay bu mel ni baay texam baa

Shaykh Mustafaa jooy na wa Shaykh Basiiru

Ñéppa nga naa kemam ba duñ ko séeru

Mas nay wax ak Sëriñ ba fi l-abyāti

Xelam xalam soxnaam sa tudd Faati

Ba xamatul la Bàmba doon waxtaane

Ba xel ma delsi mu ne tubtu maa ne

Keroog la jox soxna sa Siidi Bàmba

Ne weesu naa bokkaale man Masàmba

Shaykh Bàmba denclo ko Siidil Muxtaar

Moom mi ñu may zaahir mu booleek lasraar

Keroog la Shaykh Bàmba ni Shaykh Masàmba

Boroom hinaaya la te far na zanbaa

Shaykh Bàmba mas na ko ni Yàlla buur ba

Ne na nga dem ca doj ya mooy karyeer ba

Mu daal di dem and ak ràkkam Amsatu Loo

Ñu sànc fa ak daaru saxal fa Ndaam Loo

Karyeer ba lam fa def manéesu ko lim

Mbooloo ma ñépp bokk nañ ni maalum

Bam ñówe la Bàmba naa Masàmba

qad nāla daf<sup>6</sup> an thumma nāla jalbā

Keroog la Shaykh Bàmba ni Shaykh Masàmba

Matula wommatati gis na ghaybā

[Page 9]

Su doon ku ñuy nàmpal ma xam ne fer na

Su doon ku ñuy waajal ma xam ne bër na

Ma déllu wax xarbaaxi Shaykh Masàmba

Yoo xam ni nekkul ci ku dul Shaykh Bàmba

Shaykh Bàmba mas na bind taalif suul ko

Déeyale ca ak Buur Yàlla ndax mu yóol ko

Sëriñ Masàmba bind mbóotum lëf wa

Jox ko Sëriñ ba te gisul taalif wa

Di ñaan Sëriñ ba la mu ñaanoon Yàlla

Arfan bi harfin moo di sibtu Bàlla

Sëriñ ba daal di laaj mbiram Boroomam

Mu ne ko Bàcc raw na ay moroomam

La nga jiiwoon sax na mu gis gàncax ga

Boroom baş iratu la yëg na tex ga

Tay lépp loo texati soo ko raadoo

Na ko bayaat wulli ko mooy muraadu

Bisub keroog la ko Sëriñ bay sottiloo

Mbooléem qasaayid yam bindoon di topploo

Ca mooma at la ko Sëriñ bay maasloo

Taalif ya yépp Fulku lay daar-daarloo

Mu naa dañuy jëmm yu andul aki ruuh

Soo leen binde maas leen ñu and ak seeni ruuh

Qasidakat yay tari mat na booba

Limab fukk ak ñaar laaj ko Ibra Buuba

Ca mooma at la naa ko bul ma tàggu

Lu nekk bind naa ko mang ca Fulku

Lu wara génn lépp nang ko genne

Lépp lu warta génn bul ko génne

Ca mooma at la Shaykh Masàmba sotti

Téereb Boroom Gaawaan ba dun ko fàtte

Ca mooma at la Shaykh Masàmba génne

Wasīlat al-Rubūḥi dal nuy sànni

Moo génne woon Ḥadā'iqu l-Fadā'il

Mīn Fulkihi al-Mashḥūni 'inda Njurbeli

Maa ko bindal Shaykh Móodu Ndumbe Mbàkke

Ca mooma at kenn du ne moo ka banke

Ca yooya at la ko ne maa ngi ci khalwa

Déel digle tey tere nde yaang ci jalwa

Ca mooma at la ko ne maa ngi ci khalwa

Nitt ak juróom ñatt na mat ba galwa

Ca mooma at la ko yabal mu dem Ndar

Jaale magam Shaykh Coro gis Boroom Ndar

Ndongoom ya jàng nañ fa kër Boroom Ndar

Muqaddimāt ak Jadhbu toj fab kaadar

[Page 10]

Radadtu bāṭīlan biḥaqin fazahaq

Wa li ilāhī li ka 'sa saqyihī dahaq



Hadamtu bi l-haqqi binā‘a l-bāṭili

Wājīdu haqqī lam yakun bi‘āṭali

Wa kullu yawmin bis bu ñów mu yonne

Fukki junni ak juróom bi dūni mayni

Keroog bu dul kon ak Sëriñ bu mag ba

Tubaab ba tëjlu ko ba sàggi sàgg ba

Ba mu ñówe Njurbel xibaar ko Bàmba

Mu ne ko Yàlla la saṅgeek yonnen ba

Yonnen ba nee feek yaa ngi toog di bind

Qasida yi doo rus sa giiruk dund

Ş alla ‘ālayhi l-Lāhu bi l-salāmi

Wa ālihi wa ş aḥbihi l-a‘lami

Seytaane moo béggoon ñu xëy la dend

Di jëng say loxo ba dootoo bind

A‘adhana l-Lāhu mina l-shayṭāni

Wa kulli ḥāsīdin min al-jīrāni

Ca mooma at la ko Sëriñ bay wutloo

Téeméeri saatu ak fukk ak lam tofloo

Ca mooma at la ko Sëriñ bay satloo

Téeméeri junniy xalimaak lam tofloo

Ca mooma at la ko Sëriñ bay bindloo

Kaamil ya muy bindlu daf koy mindaloo

Ca mooma at la ko Sëriñ bay bindloo

Ci dàlli yonnen yuñ nataal di rëddloo

Ñu di ko xaatim di ko def ay fegu

Ngir darajal ko moo rëyoon ak faggu

Raḍiya ‘anhumā li l-ilāhu l-bāri

Ak gaa ya daa sàkktet fa Mbàkke-Baari

Ba ca ña daa seng fa taaxi Njurbel

Feek kaadaray folli wubéeri mburgal

Ma dellu wax la ci Sëriñ Masàmba

Xarbaax yu lay fàtteli Shaykhu Bàmba

Te wax la xarbaaxi Sëriñ Amsatu Loo

Ràkkam ju baax ja moo siggil kër Sire Loo

Kuy déeti ñaari doomi Soxna Isa Jéey

Ma jooy Sëriñ Amsatu Loo moo mata jooy

Doon naa ko jéema jooy ca ‘āma Dansashi

Coféel gi far ma wopp maa ngi las-lasi

Ndekete mook magam ji laa di boole

Marsiya leen ñii ñaari gët laay xoole

Tay gumba laa saa yaari gët wànnen na

Saa gëti xol ak yi ci des ayib na

Sëriñ Masàmbaay leer gi woon ci xol bi

Shaykh Amsatooy ñuul-ñuul ba woon ci bët bi

[Page 11]

Xaw ma ku may royati ngir Njool Màkka

Xaw ma ku may royati ngir Njool Mbàkke

Sëriñ Masàmbaa may xamal Shaykh Bàmba

Shaykh Amsatoo ma daa tàggal yonnen ba

Sëriñ Masàmbaa daa bindal Shaykh Bàmba

Shaykh Amsatoo nu daa taril Mawlid ba

Sëriñ Masàmbaay saahibul kamaali

Shaykh Amsatoo di saahibul jamaali

Sëriñ Masàmbaay saahibul hinaaya

Shaykh Amsatoo di saahibul wilaaya

Sëriñ Masàmbaay saahibul dirāya

Shaykh Amsatu di saahibul riwāya

Sëriñ Masàmbaa di boroom maqaama

Shaykh Amsatoo defoon boroom karaama

Sëriñ Masàmbaa doon mbégum Jiilaani

Shaykh Amsatoo fi daa bégal Tiijaani

Sëriñ Masàmbaa daa bégal Biidaani

Shaykh Amsatoo daa jaxasook Soodaani

Sëriñ Masàmba buy fanaan diwaani

Shaykh Amsatoong ca péey ba góor ñay naane

Sëriñ Masàmba suy faleeka folli

Shaykh Amsatooy ràkkam te mooy dhū l-Faḍli

Sëriñ Masàmbaay saahibul wusuuli

Shaykh Amsatoo soppon ndonnoy Rasuuli

Sëriñ Masàmbaay Xaadimul Xadiimi

Shaykh Amsatooy saadiq te far di doomi

Sëriñ Masàmbaa topp doomi Jaara

Shaykh Amsatoo nga jébbaloo fa Jaara

Sëriñ Masàmbaa Tarbiyyaa fa Bàmba

Shaykh Amsatoo nga Tarbiyyaa fa Làmpa

Ma far la wax xarbaaxi Shaykh Amsatu Loo

Nga xam ni moo rawoon ku dul Shaykh Sire Loo

Shaykh Amsatoo defoon Muriidun saadiqu

Ci Shaykh Ibraahiima Faal may saabiqu

Shaykh Ibra Faal moo ko yoroon ba muy ndaw

Looloo taxoon mu far ni tëppet daw raw

Lu góor di def ci zaahiir ak ci baatin

Shaykh Ibra moo ko ko defal dajeek Kun

Am na fa ay at mag ja moo ko laaji

Dal koy dalal Nahju Qaḍa' i l-Ḥāji

[Page 12]

Jébbal ko Shaykh Bàmba fa Dāru l-Raḥmān

Masula tàggook moom ba Dāru l-Raḥmān

Looloo taxoon mu teela xam ak Tarbiyya

Ba teela am ngërëm mu daal di koy Tarqiyya

Baatam bu neex ba la ko Bàmba Tarbiyyaa

Daan fanaana tari waxtu tartiyaa

Daan nañ ko tungoom di ko jëll Bàmbaa

Muy tari Jadhbu fa Sëriñ Masàmbaa

Ca ak rawam yéem naa ko ngir taaram baa

Ak tari ba ak tiitar ba ak baatam baa

Ci lii la sax ba Bàmba dem Gànnaru

Mu des fa Maam Cerno ñu gën faa waaru

Ba Bàmba dem woo ko fa Dāru l-Raḥmān

Foofee la àggale ba am fa riḍwān

Ca mooma at lañ ko yabal fa Ndaam Loo

Mu am fa yaari at ñu daal di koy demloo

Mu daal di fay rañaane jaari Kokki

Sànc fa Kër Masàmba dūna shakki

Sànc Arash Mapaate sànc Diiwaan

Ñuy yaari waane yuy fanaane diiwaan

Sax na fa ay at Kokki Guy di waaru

Daa na ziyaara Deqleek Mukhtaaru

Ca yooya at la ko Bawol ak Njambur

Ñéppiy xëccoo ku nekk naa mooy saa mbër

Mbàkke-Kajoor daa na fa fekki Cerno

Di yóbbu ay haddiya naa ko may nu

Laayabi Jéey waa Ndànq jàpp Ngéey-Ngéey

Shaykh Amsatoo leen wulli moo rëyug may

Leeral na leen dootu ñu tàggook Mawlid

Laajal Masàmba ak Maxujaang fay Mawlid

Moo tax Kajoor di màggalaat ba Waalo

Aki Mbawoor ak Mbuur ilā Jiwaalo

Màggal na Kees màggal Lugaaki Sàkkal

Màggal Ndakaarook Ndar bu leen ko sikkal

Màggal na Kawlax ak Gosaas ak Njurbel

Lislaam la def toolam di bay di màggal

Dem na Jolof màggal fa kër Tiijaan ya

Keroog Sëriñ Daawuuda jox ko ñaan ya

Shaykh Amsatoo jüite keroog jumaa ja

Taril Ḥadīthi l-Arba ʿīna

Xanaa yegoo ba Bàmba wàcce Njurbel

Ca Lasashin Shaykh Amsatoo nu jarfal

Bàmbaa ko woolu mook Sëriñ Masàmba

Ñu am fa ay weer di defar baryeer ba

[Page 13]

Ku weddi laajal Cerno Géy meetar ba

Moo njëkka dóor ab marto foofa booba

Ba kër ga àgge mu yebal leen Tuubaa

Ni sànci leen Dār al-Quddūsin néeg ba

Sëriñ Masàmba tàkk mook Sëriñ Ndaam

And ak Muriid yu kenn xamul fanaan Ndaam

Ba ñu xëye ñu tàkk wàcc Daaru

Daaj fukki néeg ak ñaar ba Tuubaa waaru

Sànc fa kër guñ tudde Daaru Kaskare

Ak Daaru Naar céy yaari gaay yi ñoo gore

Roñ yéré yañ dencoon fa taaxi Njurbel

Yóbbu ko Tuubaa kenn yëgul ku dul njël

Keroog la Bàmba bind ag qasiida

Bégal ña doon sànc fa Tuubaa ziida

Habli l-lazīna qadbanaw awnaqalū

Amtihati yawma l-jawā mā yashghulu

Wénn bëyit wi laa ci def muy seere

Waxi Sëriñ Tuubaa bu leen ko réere

Bañ delsee ba toog la daa Njaaréma

La Bàmba woolu Bàcc Mbàkke caat ma

Shaykh Móodu Ndumbe teg ca Qaadi Baaba

Ñu sàncalaat ko kër fa Ngaabu-Taaba

Bàmbaa fa julli woon atum Mbaaxaan ja

Sëriñ Masàmba Kura far jaaxaan ca

Wax na ne bu ñu ko tere woon salaatu

Mu woolu ñoñ Badar ba noon ya faatu

Nee lam fi def leeral na mbooléem réew ma

Sàkkantuma Ngaabu gi sotti meew ma

Looloo taxoon Sëriñ Masàmba Mbàkke

Yebal fa Shaykh Amsatu Loo mi tekki

Booléek Muriid buñ naa Sëriñ Maajej Ja

Moo daa saxoo qasida moo di waa ja

Shaykh Amsatu moo fa daal di rëdd jàkka

Ñu daal di koy seng mu jublu Màkka

[Page 14]

Mu daal di fay màggal ci Nisfu Shahbān

Wa laylatu l-qadri di woolu soodaan

Shaykh Amsatoo daa woote màggal Ngaabu

Fa jullikaay ba kulluhum qad tībū

Ngaabooki Laa tuub nañu ràgg ak laagaa

Bu dul kon nak moom ñu layook malaaka

Kazu Rajab daa na ca wooteek Màggal

Wàlla Laylatu l-Mawlid kooka yombul

Di ray nag di ray gëléem ngir Yàlla

Ak Mustafa ak Shaykh Bàmba sibtu Bàlla

Shaykh Amsatoo soppoon Rasuulu Laahi

Ş alla ‘alayhi l-Lāhu dūna Lāhi

Shaykh Amsatoo sopp Xaadimal Mustafaa

‘Ālayhi riḍwānu l-ladhī qadiṣ ʿafā

Shaykh Amsatoo daa tari Mawlid bay jooy

Ku weddi laaj Sëriñ Makani mum Jéey

Shaykh Amsatoo réyak coféel ci Yàlla

Ak Bàmba ak yonnen ba moo xam yilla

Fukki at ak juróom yenent ak lëf

Lii la saxal fa Ngaabu Amsatoo sëf

Sax na fa yile at di leen waar

Sànc fa ay Madiina moo dooy ak waar

Allāhumma ṣ allī ‘alā sayyidinā wa mawlānā Muḥammadin wa ‘alā ālihī wa ṣ aḥbihī wa sallam.

Mi ‘atāni wa sittūni wa thalāthu abyātin.